

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang

Basa ngalaman parobahan nalika hiji masarakat mimiti ninggalkeun basa tradisionalna atawa basa indung (Selvia, 2014). Basa dipaké dirupa-rupa tempat, upamana basa Sunda dipaké di perbatasan Jabodétabék.

Jaman kiwari dina kahirupan masarakat Sunda sacara umum masih sok ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoéna, tapi sok sanajan kitu aya ogé nu dicampur jeung basa Indonesia lantaran ti leuleutikna sok diajarkeun ku kolot téh lain basa Indung (Sunda) tapi basa Indonésia nu antukna lamun ngomong jeung babaturana téh sok dicampur maké basa Sunda jeung Indonésia. Bisa disebut yén barudak Sunda téh dwibasa.

Dina kahirupan masarakat dwibasa téh bisa muncul campur kodé. (Suwito, 1983, kc. 39), nétélakeun yén masalah kadwibasaan moal leupas tina kontak budaya, sabab basa téh mangrupa ragam nu digunakeun sacara terus-terusan nu mangaruhan ayana unsur-unsur basa nu hiji kana basa nu séjénna. Eta hal teh dina emprona baris ngabalukarkeun fénoména kabasaan. Kontak basa Sunda pohara dalitna. Basa Sunda dipangaruhan ku basa Indonésia alatan aya kontak budaya. Kontak budaya nu ngawengku kontak basa mangrupa salah sahiji faktor baris lumangsungna campur basa di masarakat.

Ayana campur kode téh nurutkeun Haryani (2015) basa nu digunakeun dina média sosial jadi hiji masalah lantaran ngabalukarkeun munculna basa *gaul* nu mangaruhan kana *orisinalitas* basa indung. Di éra globalisasi, ieu hal jadi salalahijipasualan sosiolinguistik nu remen karandapan. Ieu hal téh bisa waé dialpukahan ku kamekaran téhnologi. Ku ayana kamajuan téhnologi ngabalukarkeun rupa-rupa kajadian dina widang komunikasi. Rupa-rupa kajadian éta téh bisa dihaja bisa ogé teu dihaja. Basa Sunda jaman kiwari geus kapangaruhan pisan ku basa Indonesia jeung basa Asing. Campur kode nu nyampak dihaja boh teu dihaja téh katitén pisan dina media sosial saperti *Instagram*, *whatsapp*, *twitter*, *facebook*, *youtube* jrrd. Ku kituna, diayakeun panalungtikan anu miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun campur kode dina vidéo *youtube vlog* akun Fiksi.

Nurutkeun Rose (2020) jaman kiwari barudak téh loba nu ngagunakeun *online* vidéo nalika ayana *youtube* di taun 2005. *Youtube* nyaéta *platform* nu méré lahan pikeun saha waé nu rék ngapungkeun vidéo atawa nongton vidéo nu di apungkeun ku batur. *Youtube* miboga jargon “*broadcast yourself*” nu miboga makna yén saha waé bisa ngapublikasikeun video atawa konten nu dijieun ku sorangan.

Alexa (dina Santoso, 2018) nétélakeun *youtube* minangka situs nomber dua anu pang populérna sadunya, ogé minangka situs anu mantuan ngaronjatkeun popularitas basa Indonésia pikeun panutur asing. Loba nu muncul salaku nu nyieun kontén vidéo *youtube* anu ilahar disebut *youtuber*. Aya salasahiji *youtuber* Jawa Barat ngarana Fiksi, manéhna nyieun kontén atawa vidéo *youtube* ngagunakeun basa Sunda, aya ogé *youtuber* séjénna anu ti Jawa Barat nyaéta Fauzan Nur Qolbi. Fauzan miboga 844 rébu *subscriber* jeung 218 kontén vidéo sedengkeun Fiksi miboga 1,17 juta *subscriber* jeung 109 kontén vidéo. Dina *youtube* akun Fauzan ngan aya 9 kontén *vlog* sedengkeun dina akun Fiksi aya 26 kontén *vlog*. Ku kituna dina ieu panalungtikan akun Fiksi anu dijadikeun data panalungtikan sabab akun Fiksi miboga 26 kontén *vlog*.

Fiksi Aunurofik salasahiji *youtuber* Indonésia nu ngagunakeun basa Sunda, béda jeung *youtuber* séjénna, alesan fiksi nyieun *vlog* ku basa sunda sabab Fiksi hayang ngaronjatkeun basa daérah hususna basa Sunda. Sok sanajan kontén Fiksi ngagunakeun basa Sunda tapi konténna ogé teu tinggaleun jaman nu matak ngirut para panongton *youtube*. Sacara teu langsung Fiksi téh geus ngajakan masarakat Indonésia hususna urang Sunda ulah éra ngagunakeun basa Sunda. Dilansir suara.com ku (Noviandi, 2020). Contona tina salahsahiji transkrip *vlog* akun *youtube* fiksi “ohh lain atuh situ mah suka suudzon waé ka oé téh lain itu” éta mangrupa campur kode basa Sunda ku basa Indonesia jeung basa Asing. Eta hal téh nuduhkeun yén akun *youtube* mawa pangaruh gedé kana kabeungharan kecap basa Sunda. *Youtube* ogé mangrupa media sosial nu jaman kiwari pohara dipikaresep pisan, jadi anu nongton *youtube* téh lain ngan saukur urang Sunda hungkul tapi sakuliah dunya, ku kituna diperedih ngagunakeun basa Sunda anu merenah.

Nababan (Aslinda & Syafyahya, 2007, kc. 37) nétélakeun ciri anu pangmucunghulna dina campur kode téh nyaéta santai atawa situasi informal. Akun

*youtube* Fiksi téh é mang keur aya dina kaayan anu informal. Ku kituna, Fiksi nu miboga akun éta *youtube* téh teu sadar nyieun *vlog* anu kaasup campur kode.

Panalungtikan ngeunaan campur kode téh lain hal anu anyar, saméméhna geus remen nu ngulik perkara campur kode, di antarana waé nu nalungtik *Campur Kode dina Acara Milang Béntang AKTV* (Robiah, 2019), *Campur Kode dina Nulis Carpon Kelas X SMPN 1 Garut Taun Ajaran 2014/2015* (Masyrifah, 2017), *Campur Kode dina Siaran Béntang Parahyangan Bandung TV* (Zakiyah, 2014), *Campur Kode dina Akun Twitter Mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda FPBS UPI* (Solehudin, 2015) *Alih Kode dan Campur Kode Bahasa Sunda ke dalam Bahasa Indonesia Pada Vlog Youtube channel Fauzan N.Q* (Siti Sakilah, 2020). Ieu panalungtikan ogé sarua medar ngeunaan campur kode dina basa Sunda, ngan pédah bédana téh sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta *vlog* dina akun *youtube* Fiksi dina internet, pangna dipilih media akun *youtube* téh lantaran ieu media sipatna universal tur kiwari pohara dipikaresepna.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, panalungtikan anu ngulik campur kode dina *vlog youtube* téh lain anu mimiti dilaksanakeun, tapi saacana ogé geus aya nu nalungtik alih kode jeung campur kode dina *vlog*. Bédana dina ieu panalungtikan leuwih fokus kana campur kode jeung objék sumber datana ogé béda. Ku kituna, perlu diayakeun deui panalungtikan perkara campur kode, éta sababna panalungtikan anu judulna “Campur Kode dina Vidéo Youtube Vlog Akun Fiksi” dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu tos dipedar, masalah nu baris dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Wanda campur kode naon waé nu kapanggih dina vidéo *youtube vlog akun* Fiksi?
- b. Wujud campur kode naon waé nu kapanggih dina vidéo *youtube vlog akun* Fiksi?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun basa nu patali jeung campur kode nu aya dina *vlog* nu aya dina média sosial *youtube* nu kiwari réa digunakeun ku masarakat

### 1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikam miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun dua hal:

- a. Ngadéskripsikeun wanda campur kode nu kapanggih dina vidéo *youtube vlog akun Fiksi*.
- b. Ngadéskripsikeun wujud campur kode nu kapanggih dina vidéo *youtube vlog akun Fiksi*.

### 1.4 Manfaat/Signifikansi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat boh sacara téoritis boh sacara praktis.

#### 1.4.1 Manfaat Téoritis

Mangpaat téoritis anu aya dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaronjatkeun pangaweruh ngeunaan paélmuan sosiolinguistik jeung kaparigelan basa minangka élmu anu maluruh basa katut makéna basa di masarakat.

#### 1.4.2 Manfaat Praktis

Aya sababaraha mangpaat praktis dina ieu panalungtikan, di antarana:

- a. Pikeun nu nalungtik, leuwih ngajembaran paélmuan dina widang sosiolinguistik sarta jadi dadasar pikeun ngalaksanakeun panalungtikan satuluyna.
- b. Pikeun mahasiswa, jadi référénsi jeung bahan pancén kuliah dina ulikan sosiolinguistik hususna ngeunaan masalah basa nu patali jeung campur kode.
- c. Pikeun masarakat, méré informasi sarta pangaweruh ngeunaan campur kode utamana dina média sosial.

### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu tulisan dipidangkeun dina lima bab, nyaéta Bab I “Bubuka”.

Dina Bab I medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II “Ulikan Tiori”. Dina Bab II dipedar tiori campur kode, *vlog*, *akun youtube*, panalungtikan saméméhna jeung kalungguhan raraga mikir.

Bab III “Métode Panalungtikan”. Dina Bab III dipedar desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, isntrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV “Hasil Panalungtikan jeung Pedaran”. Dina Bab IV dijéntrékeun analisis campur kode dina vidéo *youtube vlog* akun Fiksi

Bab V “Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi”. Bab V ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékomendasi ti panyusun.